




Reyouvèti New York



Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Aktivite sou Lak ak Plaj Lanmè yo

Enstwiksyon sa yo aplike pou tout aktivite sou lak ak plaj lanmè ki toupatou nan eta a.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout pwopriyetè/operatè lak ak plaj lanmè, ak rivaj piblik ak prive yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite sou lak ak plaj lanmè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kapasite maksimòm etablisman sou plaj yo dwe redwi a 50% kapasite sezon estival nòmal yo. ✓ Yo dwe redwi kapasite nan espas entèn yo (pa egzanp, espas kote moun chanje rad yo, depo ekipman yo, kabin yo, twalèt yo) a pa pi plis pase 50% kapasite maksimòm kantite moun ki posib pou yon zòn an patikilye jan ke yo te etabli sa nan sètifika sou kantite moun posib yo, amwens ke yo te kreye li pou yon sèl moun itilize li oswa yo mete sou pye lòt mezi pwoteksyon pèsònèl adisyonèl yo (pa egzanp, toujou mete mask ki kouvri figi yo). ✓ Pou kapab redwi kontak ak rasanbleman entèpèsònèl ant moun ki pa manm menm fwaye/fanmi yo, etabli yon Plan Sekirite Espas la, ki gen ladan yon konpozan rediksyon dansite yo, ki ap enkòpore enstwiksyon sa a ak tout enstwiksyon ki aplikab ke Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo ak DOH te bay pou COVID-19. Plan an dwe gen ladan: <ul style="list-style-type: none"> • Kritè distans fizik ki apwopriye nan espas espesifik ak kritè netwayaj/dezenfeksyon yo, ansanm ak lòt pi bon pratik ki konsistan ak enstwiksyon sa a. • Lis enstwiksyon ki apwopriye pou pèsònèl yo pou ka ranfòse distans sosyal ak bon jan ijyèn, epi redwi foul moun, aktivite an gwoup yo (pa egzanp, volebòl, foutbòl sou plaj), ak gwo rasanbleman yo. • Kanpay sansibilizasyon piblik yo pou ka ranfòse limitasyon kapasite yo, distans sosyal, ak pwotokòl asenisman yo. ✓ Eksepte pou moun ki rete nan menm kay/menm fanmi, asire nou ke gen yon distans 6 pye ant moun yo, sa gen ladan anplwaye ak manm piblik la, amwens ke sekirite oswa fonksyon prensipal yon aktivite nan travay la egzije yon distans ki pi kout (pa egzanp, pou bay asistans a yon moun ki vin sou plaj la). ✓ Asire distans 10 pye ant chèz ak sèvyèt sou plaj yo, eksepte pou manm menm fwaye/fanmi yo. ✓ Nenpòt lè moun yo a mwens ke 6 pye youn de lòt, yo dwe mete yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kreye espas adisyonèl pou anplwaye yo lè n'ap limite prezans an pèsòn yo a sèlman pèsònèl ki nesèsè pou aktivite aktyèl yo, ajiste orè travay yo nan espas travay yo, dekalè tan arivaj/depa yo, kreye ekip A/B yo, epi/oswa pwograme sèlman yon sèl ekip nan yon zòn alafwa. ✓ Modifye konfigirasyon ak itilizasyon espas travay yo (pa egzanp, chèz ak pwen kontwòl sekouris yo) pou ka kenbe distans 6 pye a epi evite divès ekip ak/oswa gwoup ki ap travay nan yon sèl zòn. Si sa pa posib, bay epi mande itilizasyon mask ki kouvri figi yo oswa mete baryè fizik yo (pa egzanp, mi baryè an plastik), konfòmman a lis enstwiksyon Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration (OSHA) yo, nan zòn kote yo pa pral afekte sikilasyon lè, chofaj, rafrechisman, oswa ayerasyon. ✓ Afiche makè distans sosyal yo lè n'ap itilize ti drapo, kòd, oswa lòt siy yo sou sab yo pou ka delimitè espas 10 pye yo nan tout zòn ki nan plaj la kote moun mete/poze sèvyèt yo ak chèz yo. ✓ Delimitè oswa denote espas 6 pye yo sou sab yo sou tout bò lanmè/rivaj yo. ✓ Relokalize wout ak pòtay pou bisiklèt yo pou ka amelyore sikilasyon pyeton, espas, ak sikilasyon sou tout twotwa ak wout yo. ✓ Enstale baryè fizik yo nan gichè ak fenèt sèvis pou tikè, enfòmasyon ak gichè sou plaj yo. ✓ Limite kantite anplwaye ki ap fè entèraksyon ak popilasyon an. ✓ Limite kantite sekouris ki chita sou chèz yo epi ajoute oswa ajiste lokal chèz yo. ✓ Redwi sikilasyon apye nan de direksyon yo lè n'ap poste siy ak flèch yo nan koulwa, twotwa, oswa espas ki kwense yo. ✓ Limite kantite veyikil ke yo pèmèt sou tèren pakin yo epi etabli pòt rantrè/sòti ki separe yo ak wout sans inik pou sikilasyon pyeton ak veyikil yo.


STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Reyouvèti New York



Enstwikeyon Pou Konpayi ak Anplwaye Aktivite sou Lak ak Plaj Lanmè yo

Enstwikeyon sa yo aplike pou tout aktivite sou lak ak plaj lanmè ki toupatou nan eta a.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout pwopriyetè/operatè lak ak plaj lanmè, ak rivaj piblik ak prive yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite sou lak ak plaj lanmè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwikeyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Distans Fizik (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afiche makè distans sosyal yo (pa egzanp, tep, ti drapo sou sab yo) ki delimite espas 6 pye nan tout espas kote ki gen anpil sikilasyon yo (pa egzanp, liy twalèt yo, liy tikè yo); ✓ Limite rasanbleman an pèsòn ki pa esansyèl yo pi plis posib. ✓ Yo pa pèmèt moun fè okenn rasanbleman kèlkeswa gwosè yo, eksepte pou gwoup ki gen manm menm fwaye/fanmi yo. ✓ Yo dwe pran mezi pou fè netwayaj ak dezenfeksyon souvan nan twalèt yo; yo dwe fèmen douch entèn yo, paviyon, tèren jwèt, ak pisin yo (ki sijè a plis enstwikeyon). Fontèn kote moun ka bwè dlo yo ka rete fonksyonèl si yo enstale yon sistèm aktivasyon san kontak oswa pedal ak pye yo. ✓ Pak amizman yo, ansanm ak pak jwèt ak lòt espas amizman piblik yo, ki sitiye sou plaj, twotwa, lak, ak rivaj yo dwe rete fèmen jiska nouvo lòd. ✓ Eksepte nan yon ka ijans, yo entèdi pou yo fè rasanbleman, akotaj, oswa mare ansanm divès bato (pa egzanp, kannòt, kayak, chaloup, tib yo) nan yon etablisman, pou ka evite rasanbleman gwoup yo. Yo ka akote ak/oswa mare ansanm bato yo pou ka mete yo nan depo, san okenn moun ki ap itilize yo. ✓ Yo pa pèmèt aktivite espò, chanpyona ak kontak ki òganize oswa espò "gwoupe" yo; oswa aktivite, festival, konsè, fedatifis, ak fim espesyal yo. ✓ Yo entèdi biznis an detay, lavant manje/bwason apati machann an detay oswa restoran yo, ak okenn aktivite alokasyon ekipman pou plaj yo (pa egzanp, chèz, sal yo). 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Limite pakin nan espas altènatif yo. ✓ Konsidere peman san kontak yo, kote sa posib; epi si sa pa posib, yo dwe gen materyèl ijyenik pou men yo (pa egzanp, dezenfektan pou men yo) ki disponib pou moun itilize apre chak tranzaksyon. ✓ Rasanbleman an pèsòn ki esansyèl yo (pa egzanp, reyinyon pèsònèl yo) ta dwe fèt nan espas ki laj, ki byen ayere epi ki gen distans sosyal ki apwopriye ant patisipan yo.
Ekipman pou Pwoteksyon yo	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Konpayi travay yo dwe bay anplwaye yo mask pou kouvri figi ki akseptab yo ki gratis pou anplwaye yo, epi yo dwe gen yon bon jan apwovizyonman mask pou kouvri figi yo nan ka ke yo bezwen yon ranplasman. Sekouris/lòt pèsònèl sekirite nan dlo yo dwe mete yon mask ki kouvri figi yo lè yo ap fè patwouy ak entèraksyon a 6 pye de kòlèg travay yo ak manm popilasyon an, eksepte lè yo ap fè sovtajan nan dlo yo oswa lòt aktivite pou sove lavi oswa entèvansyon ijans yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Bay chak sekouris yon pake PPE, ki gen ladan yon mask, gan, dezenfektan pou men, mask pou Reyanimasyon Kadyopilmònè (CPR), linèt sekirite yo, ak yon mask chirijik pou moun ki renmen al sou plaj ke yo te rale soti nan dlo yo.


STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Reyouvèti New York



Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Aktivite sou Lak ak Plaj Lanmè yo

Enstwiksyon sa yo aplike pou tout aktivite sou lak ak plaj lanmè ki toupatou nan eta a.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout pwopriyetè/operatè lak ak plaj lanmè, ak rivaj piblik ak prive yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite sou lak ak plaj lanmè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ekipman pou Pwoteksyon yo (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Mask pou kouvri figi ki akseptab yo gen pami yo, men yo pa limite a, mask ki fèt ak rad yo (pa egzanzp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foula) ak mask chirijik yo, amwens ke tip travay yo mande yon Ekipman pou Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki pi estrik (pa egzanzp, respiratè N95 yo, mask pwoteksyon figi yo). ✓ Yo dwe netwaye oswa ranplase mask pou kouvri figi yo apre yo fin itilize yo oswa lè yo kraze oswa sal, yo pa ka pataje yo, epi yo ta dwe byen konsève oswa jete yo. ✓ Limite pataj atik yo (pa egzanzp, sèvyèt, veyikil yo) epi dekouraje moun manyen sifas komen yo; oswa, mande yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa ki medikal) lè yo an kontak ak atik komen oswa espas moun manyen souvan yo; oswa, dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak yo. 	
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Adere a egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj yo. ✓ Asire ke sekouris ak lòt pèsonèl sekirite nan dlo yo respekte nòm DOH yo ak enstwiksyon ki gen rapò ak COVID-19 yo. ✓ Bay epi kenbe espas pou fè ijyèn men yo nan espas la, ki enkli lave men yo ak savon, dlo, ak sèvyèt papye yo, ansanm ak yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl ki genyen omwen 60% alkòl oswa pi plis pou espas kote li pa posib oswa pratik pou moun lave men yo. ✓ Bay epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl netwayaj ak dezenfeksyon yo anvan ak apre yo fin itilize sifas komen epi ke moun manyen souvan yo, epi apre fè ijyèn pou men yo. ✓ Si pwodwi netwayaj oswa dezenfeksyon yo oswa aktivite netwayaj oswa dezenfeksyon yo lakòz pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin yo, pèsonèl yo ta dwe gen aksè a yon espas pou fè ijyèn pou men yo pou itilizasyon altènatif ak/oswa bay yo gan ke yo ka jete. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Pou nenpòt espas entèn yo, lè sa posib, ogmante ayerasyon ak lè ki soti deyò (pa egzanzp, ouvri pòt ak fenèt yo), pandan ke n'ap kenbe prekosyon sekirite yo. ✓ Pou enstalasyon sou plaj yo ki se pwopriyete piblik ak prive yo, konsidere enstalasyon sechwa pou men ak/oswa distribibè sèvyèt papye yo ki san kontak yo pou etablisman twalèt yo. ✓ Ankouraje anplwaye yo pote pwòp manje ki soti lakay yo epi rezève espas ki apwopriye pou anplwaye yo ka kenbe distans sosyal lè y'ap manje.


STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Reyouvèti New York



Enstwikeyon Pou Konpayi ak Anplwaye Aktivite sou Lak ak Plaj Lanmè yo

Enstwikeyon sa yo aplike pou tout aktivite sou lak ak plaj lanmè ki toupatou nan eta a.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout pwopriyetè/operatè lak ak plaj lanmè, ak rivaj piblik ak prive yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite sou lak ak plaj lanmè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwikeyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè netwayaj ak dezenfeksyon regilye yo nan espas kote moun manyen souvan yo a frekans ki apwopriye yo konfòmman a enstwikeyon CDC ak DOH yo, patikilyèman nan espas ki aksesib a pèsònèl yo, popilasyon an, oswa lòt moun yo, ki enkli men ki pa sèlman: enstalayon twalèt yo, platfòm oswa pwen kontwòl sekouris yo, pòtay, gichè tikè oswa lavant, pyedestal douch, kontwa, lavabo, manch pòt yo, ak lòt kote moun manyen souvan yo, lè nou ap itilize pwodwi Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (Environmental Protection Agency, EPA) la te idantifye kòm pwodwi ki efikas kont COVID-19. ✓ Yo dwe fè netwayaj ak dezenfeksyon nan tout enstalasyon sanitè yo (pa egzanp, chanm pou chanje rad yo, kabin, douch deyò, twalèt yo) omwen twa fwa pa jou, ak yon fokis sou bon jan netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan pou sifas "yo manyen souvan" ak espas moun itilize anpil yo. Apwovizyon yo yon fason regilye ak materyèl pou lave men yo ak dezenfektan yo. ✓ Eksepte nan ka ki enplike menm fanmi yo, yo pa dwe pataje okenn ekipman sou plaj oswa pou lanaj yo ak lòt moun, amwens ke yo te netwaye epi dezenfekte yo apre chak itilizatè. ✓ Entèdi manje ak bwason pataje yo (pa egzanp, manje nan modèl bifè yo) ant anplwaye yo. 	
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Deklare ke ou te revize epi konprann lis enstwikeyon ke Eta a te pase yo, epi ke ou pral mete yo sou pye. ✓ Poste afichaj yo toupatou nan espas pakin, lokal ki bay tikè, rantre yo, ak etablisman pou gwoup moun itilize yo, pou raple kliyan ak anplwaye yo pou yo adere a règ sou bon jan ijyèn, distans sosyal yo, itilizasyon PPE ki apwopriye, ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Devlope yon kanpay sansibilizasyon piblik pou plan sekirite ak rediksyon dansite a, apati mezi tankou afichaj, rezo sosyo, sit entènèt, oswa radyo yo. ✓ Sekouris yo dwe pran fòmasyon tou sou jan pou yo ranfòse distans sosyal ak kontwòl foul moun sou plaj yo. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Mete sou pye plan fòmasyon ak operasyon sou plaj yo, ki ka gen ladan limitasyon kantite sekouris yo pa moman sou nenpòt platfòm oswa pwen kontwòl pandan ke y'ap ajoute pwen kontwòl pou sekouris yo, jan sa nesesè, pou kapab kenbe distans sosyal ant sekouris yo pandan ke yo ap bay menm kouvèti ak pwoteksyon ki nesesè pou asire sekirite piblik. ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye ak vizitè yo, ak yon mwayen ki konsistan pou bay dènye enfòmasyon yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Reyouvèti New York



Enstwiksyon Pou Konpayi ak Anplwaye Aktivite sou Lak ak Plaj Lanmè yo

Enstwiksyon sa yo aplike pou tout aktivite sou lak ak plaj lanmè ki toupatou nan eta a.

Pandan eta ijans sante piblik pou COVID-19 lan, tout pwopriyetè/operatè lak ak plaj lanmè, ak rivaj piblik ak prive yo dwe rete ajou sou nenpòt chanjman nan kondisyon eta ak federal yo ki gen rapò ak aktivite sou lak ak plaj lanmè yo, epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon yo. Objektif enstwiksyon sa a se pa pou ranplase okenn lwa, règleman, ak nòm lokal, eta ak federal aktyèl ki aplikab yo.

	Obligatwa	Pi bon Pratik yo Rekòmande yo
<p>Evalyasyon yo</p>	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Si yon travayè te teste pozitif pou COVID-19, patwon travay yo dwe enfòmè depatman sante lokal ak eta a imedyatman epi kowopere ak yo nan kad efò trasaj kontak yo, ki enkli enfòmè kontak potansyèl yo, tankou travayè oswa vizitè ki te gen kontak tou pre oswa bò kote moun nan, pandan ke yo ap kenbe konfidansyalite jan lalwa ak règleman federal ak eta yo mande sa. ✓ Mete disponib plan sekirite konplè yo nan espas la. ✓ Menm si plaj yo ouvri, kliyan yo dwe respekte lis enstwiksyon yo: <ul style="list-style-type: none"> • Prepare tèt ou. Pote yon mask ki akseptab pou kouvri figi yo pou mete lè nou a 6 pye de moun ki pa nan fwaye oswa fanmi nou, ak savon/dezenfektan, epi rasanble tout fatra yo. • Kenbe yon distans fizik 6 pye oswa pi plis de lòt moun epi evite nenpòt tip rasanbleman, eksepte sa ki fèt ak moun ki nan menm fwaye/fanmi ou. Yo pa pèmèt gwo rasanbleman, piknik, ak fèt sou plaj yo. Yo pral mande vizitè yo pou yo tounen lakay yo si gen twòp moun sou plaj la oswa sou santye yo pou ka pèmèt yo kenbe distans fizik ki nesèsè a. • Yo pèmèt aktivite endividyèl oswa an fanmi sou plaj yo (pa egzanp, navigasyon sou dlo, lanaj, vwayaj nan kayak, ramaj sou dlo, laplanch), kous, oswa moun ki ap mache sou sab yo. ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete oswa retounen lakay yo, si yo te vin tonbe malad nan travay la. ✓ Mete sou pye pratik evalyasyon sante obligatwa yo (pa egzanp, kesyonè, evalyasyon tanperati yo) anvan ke anplwaye yo kòmanse travay chak jou, pou poze kesyon sou (1) moun ki te gen sentòm COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, (2) moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo, ak/oswa (3) moun ki te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ke yo konfime oswa sispèk ki gen COVID-19 pandan 14 dènye jou ki sot pase yo. Repons evalyasyon yo dwe revize chak jou e revizyon sa yo dwe dokimante. ✓ Yo pa ka egzije kliyan yo fè evalyasyon sante yo oswa bay enfòmasyon kontak yo. ✓ Kreye yon plan pou fè netwayaj, dezenfeksyon, ak trasaj kontak yo nan ka ke gen yon ka ki pozitif. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè evalyasyon yo a distans (pa egzanp, pa telefòn oswa ankèt elektwonik), anvan ke anplwaye yo vin nan espas la, nan mezi sa posib. ✓ Nan mezi sa posib, konsève yon dosye sou chak travayè ki ta ka an kontak tou pre oswa bò kote lòt moun ki nan zòn oswa espas travay la; sa pa enkli livrezon ki fèt ak ekipman PPE ki apwopriye oswa apati mwayen san kontak yo. Dosye yo ta dwe gen enfòmasyon kontak yo, yon fason pou ke yo ka idantifye, trase epi enfòmè tout kontak yo nan ka ke yo dyagnostike yon anplwaye kòm yon moun ki gen COVID-19. ✓ Pèsonèl ki ap fè aktivite evalyasyon yo ta dwe pran fòmasyon nan men moun ke konpayi travay yo te idantifye kòm moun ki familyè ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo, epi yo dwe mete ekipman PPE ki apwopriye, ki enkli pou pi piti, yon mask pou kouvri figi yo. ✓ Refere nou a enstwiksyon DOH la pou ka jwenn enfòmasyon sou pwotokòl ak politik pou anplwaye ki ap chèche tounen nan travay yo apre yon ka ke yo te konfime oswa sispèk ki gen COVID-19, oswa apre ke anplwaye a te an kontak tou pre oswa bò kote yon moun ki te gen COVID-19. ✓ Yo ka bay kliyan yo opsyon pou yo bay enfòmasyon kontak yo pou ke yo ka mete yo nan dosye epi kontakte yo pou depistaj kontak yo, si sa nesèsè.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.